

Twige Abanyefeso!

Turabe neza igitabo c'Abanyefeso k'Urwaruka

Ukwiga Bibiliya mu buryo bwa "inductif" umurungo k'umurungo:

Naho mu vyigwa vyinshi umwanditsi canke umwigisha ahitamwo intumbero y'icigwa (inyigisho nyamukuru yipfuza ko abanyeshuri bategera neza) n'ishirwa mu ngiro (ingene yipfuza ko abanyeshuri bashira mu ngiro ivyanditswe mu buzima bwabo), mu kwiga Bibiliya mu buryo bwo kwiyumvira mu gifaransa bita "inductif" (uburyo bwo kwiyumvira uhereye k'ubutandukane uja ku co ibintu bihuriyeko canke uhereye ku ngaruka uja ku gituma), twiga Bibiliya umurungo k'umurungo, tubaza Imana ico yipfuza kutubwira n'ingene yipfuza ko tugishira mu ngiro mu buzima bwacu. Rero, muri ubwo buryo bwo kwiga Bibiliya bita inductive, umwigisha ntabwira abanyeshuri ici Icanditswe gisigura. Ahubwo amera nk'uwurongoye ikiganiro kugira ngo abanyeshuri bo nyene babone ico gisigura bayobowe na Mpwemu Yera. Ibibazo ni ivyiyumviro. Ushobora kwongerako ibindi bivanye n'uko Imana ikurongoye. Muri ino nyigisho twashize hamwe uburyo bwo kwiga bwa inductive hamwe n'ivyiyumviro bijanye n'ivyokorwa kugira ngo ivyigwa vya Bibiliya biryohe kandi ukuri kwa Bibiliya gukomezwe mu bwenge bw'abanyeshuri.

Ukurikiye kino cigwa nkuko bisabwa, umunyeshuri wese arumva iryungane ryose riri mu gitabo c'Abanyefeso n'imiburuburi incuro zitatu- Ubwa mbere, igihe igitabo gisomwe cose, umunyeshuri arumva iryungane nkuko rikoreshejwe n'ivyiyumviro bikuru biri muri ico gitabo cose. Ubwa kabiri, igihe igice gisomwe, arumva iryungane ryose bivanye n'ingene rikoreshejwe muri ako gace gato. Ubwa gatatu, igihe akagwi gato k'imirongo gasomwe, arumva iryungane ryose mu buryo bwihariye, ariko rikaguma mu cyumviro c'iyi mirongo mike birikumwe. Mu gihe ikibazo kitaronse inyishu nkuko bitegerezwa, umwigisha arashobora gusubiramwo imirongo bijanye kugira bifashe. Ukwo si ugusubiramwo kenshi, kuko ico dukeneye ni uburebure, ubwaguke n' ubwina, bw'icanditswe kugira ngo cinjire buhoro buhoro i bwina, gihindura ivyiyumviro vyacu, imitima n'ivyipfuzo.

Ibibazo bikuru bikuru ku bijanye no kwiga Bibiliya mu buryo bwa inductif:

Ibi ni ibibazo bishobora gukoreshwa mu gufasha kwiga igitabo ico arico cose co muri Bibiliya. Uzokoresha ibi bibazo mu kwiga igice kimwe kimwe cose hanyuma turakurona ibibazo bijanye mu gihe uzoba uriko uriga igice umurungo ku murungo.

Mbega iyi ni inyandiko bwoko ki? (Inkuru z'akahise, indirimbo canke ivyese, kuvugishwa, umugani, ikete, inyigisho z'urufatiro)

Hoba harimwo amajambo canke amungane asubiwemwo, canke ivyitiranwa vyakoreshejwe? (Icitaranwa ni ijambo rishaka gusigura ikintu kimwe nk'akarorero, ni munini na aravyibushe.) Mbega uko gusubiramwo gusigura iki?

Hoba hariho agace gahushanye n'akandi? Akahe? Vyoba bitandukaniye hehe? Ukwo guhushana kwoba gusigura iki?

Ni abahe bantu bavuzwe muri ako gace? Ni igiki twoba tubaziko ahandi hantu muri Bibiliya?

Hoba hariho ahavugwa abamarayika canke impwemu z'abadayimoni? Nimba hariho, babita ngwiki? Ni igiki tubigirako?

Ni gute tubona Imana muri ako gace? Urabe amazina, ibikorwa, ukwerekana canke ugusigurwa, n'ibindi.

Hoba hariho amabwirizwa yo kwumvira? Ivyaha vyo kwirinda? Uburorero bwo gukurikiza?

Ni igiki twiga ku bijanye n'agakiza?

Ni iyihe nyigisho muri kino gice yodufasha twebwe twamaze kuba abemera kugira ngo dukure mu kwizera?

Ni ayahe majambo woba ukeneye gufanshwa gutegera?

Ni ibihe bibazo ako gace gakabuye mu bwenge bwawe?

Mbega ubona ako gace kanditswe mu buhe buryo? (Ubona kagenda kaduga mu ciyumviro nyamukuru, kerekana ibintu kakabisubiramwo, kerekana ibintu kakerekana n'ibihushane vyako, n'ibindi n'ibindi.?)

Ni ayahe mavuga akoreshwa? Ni inde akora, akora iki, agikorera nde?

Ni ayahe majambo canke imigwi y'amajambo itandukanye n'ayandi canke ifise akabirya? Ni kubera iki itandukanye?

Ni iyihe mirongo ikomeye gusumba iyindi, kubera iki?

Ni ibihe bintu bindi ubona muri ako gace?

Ni izihe nyigisho zibiri ubona ko ari ukuri gukomeye cane wize muri ako gace?

Gutangura kwiga Abanyefeso mu buryo bwa inductif:

Mwigisha, mu gutangura icigwa, rondera umusomyi mwiza ushobora kuronka. Mubwire asome Abanyefeso igice ca mbere ubwambere ari wenyene kugira ngo ashobore gusoma neza atadidinganya kandi atobora neza. Bwira abanyeshure bugurure muri Abanyefeso igice ca mbere. Abahatoye kare barashobora gufasha abandi. Fasha abanyeshure kugerageza gukurikira mu gihe igice cose kiba kiriko kirasomwa.

Ugende ku ntambuko yawe. Ntutegerezwa guheza igice buri mwanya w'icigwa wose, canke mbere igiharuro kanaka c'imirongo. Uririnda guheba ibikorwa canke Amasengesho yasabwe kuri buri gace kose. Ibikorwa bituma abanyeshure bagumiza umutima ku vyigwa kandi bizobafasha gutangura gushira mu ngiro ukuri kwa Bibiliya mu buzima bwabo. Amasengesho yasabwe

azofasha abanyeshuri gukura mu kubabwira baze barasengera ibintu tuzi ko biri ku mutima w'Imana kuko tuzi ko biri mu Vyanditswe.

Muri uyu mwanya, fata birya bibazo vy'igice cose twadondaguye mu ntango y'icigwa. (Ubonye umugwi w'abo wigisha ari munini, uwugabure mu migwi mito mito kuri kino cigwa.) Ufate umwanya wose ukeneye mu gukora ivyo.

ABANYEFESO IGICE CA MBERE

Mu nyuma yo kuraba igice cose c'Abanyefeso kandi ukaraba n'ibibazo vy'igice cose, tangura urabe igice cose umurongo ku murongo hama witegereze neza gusumba ubutunzi hamwe n'ibikigize kimwe kimwe.

Abanyefeso 1:1-2 Indamukanyo ya Paulo ku Banyefeso.

Saba umunyeshure asome imirongo 1 na 2--

Ni inde yandika, kandi yimenyekanisha gute?

Yandikira ba nde, abamenyekanisha gute?

Ni igiki abipfuriza?

Ni inde yobaha izo ngabire?

Izo ngabire zitandukaniye hehe n'ingabire dusanzwe twifuriza abagenzi bacu, canke mbere twiyifuriza twenyene?

Paulo avuga ko ari intumwa bivuye ku bugombe bw'Imana. Ni ikihe cyumviro coba igihushane c'ivyo?

Mu kubita abera, akoresha umwanya wa kuba w'irivuga "muri". Ni gute icyumviro ca Bibiliya ku bijanye n'ukwera dusanga ngaha gitandukanye n'ivyiyumviro vy'ukwera bimenyerewe muri iyi minsi?

Ni ibihe bice bibiri vy'Ubumana bivugiwe hamwe?

Ivyo bivuga iki ku bigisha ko Ubumana ari "Yesu gusa"?

Abantu Paulo yariko arabwira baba hehe?

Ni igiki wokwiga kuri Efeso ukoresheje kazinduzi (dictionnaire) ya Bibiliya canke amakarata yerekana ibibanza?

Ni ibihe bice bindi bivuga ku bijanye na Efeso? Ni ibiki vyabereyeho bindi? (Raba Ivyakozwe n'Intumwa 18-20 hamwe n'Abikorinto ba mbere 16:8.)

Ibikorwa:

Mwigisha, shira abanyeshuri mu migwi itatu. Umugwi wa mbere urategura kandi ukine agakino kerekana imirongo 1-2. Uwa kabiri utegure agakino (jeu) gafatiye ku vyiyumviro vyiyi mirongo. Uwa gatatu utegure indirimbo n'intambo kuriyo. Tanga iminota 10-12 kugira ngo imigwi ishobore guhura mu bibanza bitandukanye. Imigwi irasubira ihure hanyuma yerekane ivyo yateguye. Uraraba neza ko imigwi yose iriko irakurikira mu gihe abandi bariko barerekana ivyo bateguye, hakubandanya bategura ivyabo bagomba berekane.

Isengesho:

Mwigisha, saba abanyeshuri batandatu kugira isengesho rigizwe n'iryungane rimwe rifatiye ku vyo twize uyu muni.

Abanyefeso 1:3-9 Uguhezagira Imana ku mihezagiro yaduhaye

Mwigisha, saba ko umunyeshuri asoma kuva ku murongo wa 3 gushika kuwa 9. Hanyuma uce usubira inyuma usabe ko hagira uwundi munyeshuri asoma umurongo ku murongo.

Saba ko hagira umunyeshuri asoma umurongo wa 3--

Ni inde duhamagariwe guhezagira?

Iyumvire ku mazina abiri y'Imana atanzwe hano. Mwibuke yuko hari abantu bamwe bavuga ko Imana ari Yesu gusa. Uno murongo woba uvyemeza? Kubera iki canke kubera iki utavyemeza?

Ni uwuhe murongo canke ijamba twabonye mu cigwa cacu giheruka wokoreshwa ngaha?

Ni ubuhe bwoko bw'imihezagiro Imana yaduhaye?

Ni imihezagiro ingahe yo mu buryo bw'impwemu Imana yaduhaye?

Ivyo vyoba vyerekana yuko hakiriho canke hatakiriho iyindi mihezagiro yo mu buryo bw'impwemu ishobora kuronkwa?

Mbega ino mihezagiro niyo muri kazoza dukwiye kurondera canke ni imihezagiro twamaze kuronswa? (Kubafasha: Raba umwanya w'irivuga.)

Iyo mihezagiro ibonekera muri inde?

Iyumvire: Ni gute iyo mihezagiro ibonekera muri Kristo atari mu bandi barongozi bakomeye cane bo muri kahise?

Saba ko hagira uwusoma umurongo wa 4--

Ni inde Imana yatoranije muri Kristo?

Ni ryari twatoranijwe?

Nimba noneho twatoranijwe, vyoba bishoboka ko bihagaze ku kintu twoba twarakoze? Kubera iki canke kubera iki atari uko?

Ni iyihe yari intumbero y'Imana mu kudutoranya?

Kuba uwera bisigura iki? (Uwera bisigura uwatoranijwe agashirwa ku ruhanda ngo akoreshwe n'Imana)

Kuba uwutagira agasembwa imbere y'Imana bisigura iki?

Mbega kuba uwutagira agasembwa imbere y'Imana vyoba ari co kimwe no kuba uwutagira agasembwa imbere y'abandi? Kubera iki arivyo canke kubera iki atari vyo?

Vyoba ari co kimwe no kuba ata gasembwa mu vyiyumviro vyacu canke mu gatima ka muntu kacu? Kubera iki ari vyo canke kubera iki atari vyo?
Muri uno murongo ukwera no kutagira agasembwa bifatanye n'ikihe kindi kintu ciza?

Saba ko hagira umuhungu asoma umurongo wa 5--

Ni iki yagabiye kera kubwacu?

Reka turabe ukwaryo iryo jambo gutoranywa cnke yagabiye kera (predestiner, mu gifaransa). Ni ayahe majambo yandi ubonamwo? (Destin canke kazoza mu kirundi). Ni irihe jambo riza imbere ubona? (Pre) Mbega ako kajambo kaza imbere kw'ijambo gasigura iki? (Imbere, kera)

None rero iryo jambo predestiner risigura iki?

Bisigura iki guheshwa na Yesu Kristo gucika abana bayo bubwayo?

Kubera iki Imana yaturobanuye? Vyoba ari kubera twari beza gusumba abandi?

Ni irihe jambo rikoresha mu kuvuga ubugombe bw'Imana? Twoshobora gukoresha iryo jambo igihe cose dushaka kuvuga ubugombe bwacu?

Mbega wovuga ukoresheje amajambo asanzwe ico uwo murongo uvuga?

Saba ko hagira umukobwa asoma umurongo wa 6-

Ivyo vyose bitwara ku mashimwe y'iki?

Haraho urigera wiyunvira k'"ubwiza bg'ubuntu bwayo"? Mbega ayo majambo yoba asigura iki kuri wewe?

Ni muri inde Yesu yatugize abemerwa?

Ni gute yatugize abemerwa?

Ni ikintu gihambaye kuba uwemerwa. Iyunvire igihe wewe canke umuntu ukunda yemewe canke ndetse atemewe. Ni irihe tandukaniro vyagize?

Kubwa Yesu, turi abemerwa n'Imana. Mbega ivyo vyoba bisigura iki kuri twebwewe?

Saba umunyeshuri gusoma umurongo 7-

Ni mu maraso ya nde duherwa gucungurwa?

Mbega irivuga "duherwa gucungurwa" riri muri kubu, kahise canke kazoza? Ni ikihe kintu gikomeye ivyo vyerekana?

Abantu bamwe bamwe bo muri kino gihe ca none ntibakunda icyunviro c'ikimazi c'amaraso canke iseswa ry'amaraso ya Yesu k'umusaraba. Babona yuko ari ibintu bibi kandi bibabaje cane.

Ariko birashoboka koko ko ducungurwa ata maraso ya Yesu?

Ni irihe rivuga dukuramwo iryo jambo gucungurwa? (Gucungura mu congereza, 'Redeem').

Bisigura gusubira gutanga ikiguzi mu kugura ikintu cari catakaye." None rero, ni igiki Imana yakoze igihe yaducungura biciye mu maraso ya Yesu?

Ni ikihe kintu kindi dukura ku Mana?

Mbega Imana yatubabariye ibicumuro vyacu nk'ingumyi-mbega yoba yahariye utwaha duke ikekeranya? "Nk'ukw'itunga ry'ubuntu bgayo riri" vyoba bisigura iki?

Saba umunyeshuri asome umurongo 8-

Ni ibihe bindi bintu bibiri Imana yaduhaye nk'umusesekara? (Ubwenge n'ukumenya)

Ubwenge ni ikintu ciza "ca mbere" caronderwa n'abantu bo mw'isi mu gihe ca Yesu.

Mwiyunvira ko ari kubera iki Imana yavuze ko yadusesekarije ubwenge bwose?

Saba umunyeshuri asome umurongo 9-

Ni iki Imana yatumenyesheje?

Ibanga ry'ivyo igomba rijanye n'iki?

Ni ibihe bintu bindi vyo hanze bifise ico bikora ku vyo igomba?

Ibanga ni ikintu kinyegejwe mu kiringo kanaka ariko bitevye kimenyekana. Ni irihe banga Imana yariko iravuga?

Ibikorwa:

Mwigisha, nk'umurwi umwe, bwira abanyeshuri baganire ku mihezagiro nyamukuru yamenyekanishijwe muri iyi mirongo. Baza abanyeshuri imihezagiro bakunda gusumba iyindi muri runo rugezo bw'ubuzima barimwo, n'igituma. Hanyuma ubagabure mu mirwi itatu. Uhe umurwi umwe wese umuhezagiro umwe canke myinshi. Uce usaba abanyeshuri bategure akaririmbo n'intambo bashimira Imana kuri uwo muhezagiro. Hanyuma usubire ubakoranye wongere usabe umugwi wose kwerekana no kwigisha abandi indirimbo n'intambo vyabo.

Isengesho:

Mwigisha, saba abanyeshuri batatu babigombye gusenga bashima Imana ku migisha yayo muri Kristo.

Abanyefeso 1:10-12 Imigambi y'Imana kubwacu muri Kristo

Mwigisha, saba umunyeshuri asoma neza asome imirongo kuva ku wa 10 gushika ku wa 12. Uheze usabe abandi banyeshuri bongere bayisome umurongo ku murongo.

Saba umunyeshuri asome umurongo wa 10-

Ni uwuhe mugambi nyamukuru w'Imana muri Kristo? Tubafashe: Ni irihe rivuga nyamukuru muri uwo murongo? Ni ikihe gikorwa cerekanywe?

Ni iki "ingene izobigenza igihe gikwiye gishitse"?

Hazoba iki igihe gikwiye gishitse?

Ni iyihe migwi ibiri izokoranirizwa hamwe muri Kristo?

Saba umunyeshuri asome umurongo wa 11-

Ni iki twaronse muri Kristo?

In the earthly sense, what is an inheritance?

Mu nsiguro ya hano kw'isi, ishamvu ni ukuvuga iki?

Mbega ni inde yadutoranije kera ngo dutorane iryo shamvu?

Mbega ibintu Imana ikora bihwaye n'imigabo iri mu mutima wayo ni bingahe?

Mbega ni ibihe bintu bindi bigira ico bifashije Imana mu kugira ico ikoze?

Saba uwundi munyeshuri avyipfuzza gusoma umurongo wa 12-

Ni uwuhe mugambi w'Imana kubw'acu?

Ni gute twocika abo guhesha icubahiro ubwiza bw'Imana?

Ni ikihe kintu nyamukuru ca mbere gikenewe imbere y'uko ducika abahesha icubahiro ubwiza bw'ayo?

Mbega urabizi neza udakekeranya yuko wizeye Kristo? Hagize uwukubaza ryari, hehe hamwe na gute wamwizeye, ni iyihe nyishu womuha? (Ureke abanyeshuri bagera kuri babiri bashingire intahe bagenzi babo kubijanye n'inkuru z'agakiza kabo.)

Igikorwa:

Kina agakino aho werekana umuntu umwe atorana ishamvu y'isi hamwe n'uwizera aragwa umugabane w'ijuru.

Senga:

Kugira abizera baho ubaye bashika aho bakunda cane umugabane bahawe muri Kristo.

Abanyefeso 1:13-14 Ikimenyetso cacu kubwa Mpwemu muri Kristo

Mwigisha, tora umunyeshuri asoma neza asome imirongo kuva ku wa 13 gushika ku wa 14. Uheze usubire inyuma usabe abandi banyeshuri basome iyo mirongo umurongo ku murongo.

Usabe umwigeme avyipfuzza asome umurongo wa 13--

Ni iki Abanyefeso bunvise imbere yuko bizera? Ni ayahe majambo abiri akoreshwa mu kuvyerekana?

Ni ikihe kintu kindi cababayeko bamaze kwizera?

Iyunvire ku rivuga "gushirwako ikimenyetso" (mu congereza ijambo ryakoreshejwe ni "sealed" risigura umukono). Ni ubuhe bwoko bw'ibimenyetso canke imikono uzi? Bikoreshwa muri iyihe ntumbero?

Ikimenyetso dufise si ikintu, ahubwo ni umuntu. Uwo muntu ni inde?

Iyunvire kuri aya majambo "Mpwemu Yera yasezeranywe." Kubera iki Paulo yongerako iryo jambo, "yasezeranywe" Ni mu buhe buryo Mpwemu Yera yasezeranywe? (Raba Yohani 14:16-17.)

Saba umuhungu avyipfuzza gusoma umurongo wa 14-

Mpwemu Yera yiswe "ingwati y'umwandu wacu." Iyo habaye ukwunvikana canke ugahana amahera menshi, ni iki bita ingwati? Ni gute Mpwemu Yera ari ingwati yacu mu mwandu dufise muri Kristo?

Akajombo "kugira" kerekana ko hari ikintu kizohinduka muri kazoza. Ni iki kizohinduka?

Menya neza ko tuzocungurwa muri ico gihe, nubwo biri uko Imana yaraturonse. (Kugira ngw'abo Imana yaronse ibacungure") Ni gute ivyo bintu vyempi ari ukuri?

Ni inde azoronka ishimwe muri ivyo vyose?

Ibikorwa:

Mwigisha, shira abanyeshuri mu migwi ibiri. Umugwi umwe aza gutegura agakino aho werekana icyunviro c'uko twashizweko ikimenyetso na Mpwemu Yera. Uwundi mugwi nawo urategura agakino werekana icyunviro cuko Mpwemu Yera ari ingwati kugira ngw'abo Imana yaronse ibacungure. Hanyuma abanyeshuri bagaruke. Umugwi wose urerekana agakino kabo. Uwundi mugwi urabaza ibibazo wongere uganire ivyo wabonye. Harimwo umunyeshuri azi gutegura indirimbo, umusabe gutegura indirimbo mu buryo bwihuta ashireko n'intambo yerekana ivyo vyiyumviro vyempi.

Isengesho:

Mwigisha, nuhe akaryo abanyeshure ngo basenge mu majambo make basaba Imana ko yobashoboza gushira mu ngiro ukuri bakuye mu cigwa c'uyu muni.

Abanyefeso 1:15-19 Isengesho rya Paulo ku Banyefeso

Mwigisha, saba umunyeshuri gusoma imirongo kuva ku wa 15 gushika ku wa 19 akurikiranya (yose rimwe na rimwe).

Ubu naho saba umunyeshuri avyipfuzza asome umurongo wa 15

Ako kajambo "nanje" kavuga inde?

Ni ibihe bintu bibiri Paulo yunvise bivugwa ku bizera b'i Efeso?

Igihe avuga ko yunvise urukundo bakunda abera bese, ivyo vyoba bisigura yuko bakunda abo mw'ishengero ryabo gusa, canke yuko bakunda abizera Yesu bese? Ivyo vyoba bivugwa iki kuri twebwe?

Abo bera avuga ni bande? Ni hehe tubonye iryo jambo nyene "abera" rikoresheya?

Ishengero rya Gatolika "riraha ububasha bwo gucika aberanda" abantu bamwe bamwe baramaze kwitaba Imana, abo babona yuko babayeho ubuzima bwiza cane. Ni gute ivyo bitandukanye n'ivyo Paulo yerekana hano iyo avuga ngo mukunde abera bese?

Saba uwundi munyeshuri avyipfuzza asome umurongo wa 16.

Paulo ntiyigeze ahagarika (canke ntiyahengeshanya) gukora iki?

Ni bande Paulo yahoza mu kanwa uko asenze?

Nimba uri umwigisha w'Ikirundi, ndakeka yuko uvuga yuko umurongo wa 16, uwufashe ubwawo, ari iryungane ridakwiye. Kubera iki? (Intango iri ku murongo wa 15. Paulo yandika amungane maremare kandi agoye.)

Ufatiye hamwe iyo mirongo ibiri, ubwa mbere yagize iki, hanyuma agira iki?

Saba uwundi abandanye asome umurongo wa 17.

Ni inde ari Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo?

Ivyo vyoba bikora iki ku cyunviro abantu bamwe bafise yuko Ubumana ari Yesu gusa?

Paulo asabira abizera b'i Efeso ngo Imana ize ibahe iki?

Ivyo vyoba bisigura iki?

Ivyo vyoba bitandukaniye he n'ibintu dukunze gusabira abizera bo muri kino gihe?

Iryungane n'icyunviro birabandanya ku murongo wa 18, saba rero uwuyipfuzza gusoma uwo murongo.

Mu majambo ya mbere, ni igiki Paulo yemeza nk'ukuri kuri bo?

Vyoba ari ukuri ku bizera bese? vyoba ari ukuri kuri mwebwe?

Ni ibihe bintu bibiri Paulo yipfuzza ko bamenya canke ko batahura?

Uwu murongo uravuga ishamvu. Raba neza. Iryo shamvu ni rya nde? Ni irihe tandukaniro riri hagati y'iri shamvu hamwe n'ishamvu rivugwa ku murongo wa 11?

Ni irihe tunga ry'iryo shamvu?

Ni gute Imana ibona iryo shamvu?

Saba uwuyipfuzza asome umurongo wa 19.

Ni akahe kajambo gahwanya (canke gahuza) amajambo katangujwe uwo murongo? Ni ibihe vyiyunviro bibiri ako kajambo gahuza?

Ni kuri ba nde Imana ikoresha ubushobozi bwayo?

Ni gute ububasha bwayo kuri twebwe bwerekanywe?

Ni iki kiriko kirakorera mu buzima bwacu

Igikorwa:

Muganire: Mu buryo bufatika, ivyo vyoba bisigura iki mu buzima bwanyu?

Mwigisha, saba abanyeshuri batange uburorero ku bijanye n'uko batahura kuba barugururiwe ubwami canke ahantu h'impwemu igihe baza kuri Kristo.

Isengesho:

Naho Paulo atigeze ahagarika gusengera Abanyefeso, duhora dufata igihe tugasengera umuntu hahera igihe tukabibagira. Mwigisha, reka abanyeshuri bavuge imigwi y'abantu bigeze gusengera ariko haheze igihe gito baribagiye. Mufate umwamya wo gusengera iyo migwi "yibagiwe".

Abanyefeso 1:20-23 Yesu Krsto niwe vyose bihagazeko

Saba umuntu asoma neza asome imirongo kuva ku wa 20 gushika ku wa 23

Ubu naho saba uwuyipfuzza asubire inyuma asubire asome umurongo wa 20.

'Ukwo" ni akandi kajambo gahuza. Ni ikihe gice c'iryungane kiihetseko canke gafatanyije co ku murongo wa 19?

Ni ubuhe buryo bw'intango Imana yerekanyemwo ubushobozi bwayo?

Inyuma yaho Imana izuriye Yesu mu bapfuye, ni hehe yaciye imuvyagiza inyuma y'igihe gito?

Turazi yuko Yesu yari kw'isi mu kiringo gito inyuma y'izuka ryiwe. None ivyo vyoba vyabaye ryari?

Mbega vyoba bisigura iki ko umuntu yicaye i buryo bw'umwami?

Imana yavyagije Yesu i buryo bwayo. Iyumvire kuri iki gikorwa. Coba cerekana iki? Imana yoba yaravyagije Yesu mu gihe yoba atari bwaheze igikorwa ciwe?

Amashengero amwe yigisha yuko Mariya, nyina wa Yesu, ari umwamikazi mw'ijuru? Kubw'iyi mirongo, ni inde yoba aganza mw'ijuru?

Woba uzi iyindi mirongo ya Bibiliya yoba yerekana yuko Mariya ariwe agaba mw'ijuru nk'umwamikazi? (Eka, ntayo.)

Mbega uwu murongo woba ufise akaburungu ku mpera, cerekana yuko icyumviro giheze, canke n'agakwabu cerekana yuko icyumviro kibandanya ku murongo ukurikira?

Saba uwuyipfuzza asome umurongo wa 21.

Ni inde ari hejuru y'ubukuru bwose?

Ubukuru, ububasha, ubushobozi, ubwami ni iki? (Gereranya n'Abanyefeso 6:12)

Muri Afrika, ububasha bw'abadayimoni buratinywa cane. Ni ikihe icyumviro co gutera intege uno murongo utanga ku bijanye n'impwemu z'abadayimoni?

Ivyo bisigura iki mu buzima bwacu?

Iyunvire kw'ijambo ubukuru. Mu congereza iryo jambo ni "principality" Muri iryo jambo ry'icongereza ni ayahe majambo yandi mubonamwo? (Prince, risigura umuganwa hamwe na

municipality, risigura igisagara). Mu yandi majambo rero, ubukuru, mu congereza principality, ni impwemu iganje canke nkuru mu kibanza kanaka. Ni ibihe vyemezo vyivyo vyoba biboneka mu karere ubayemwo?

Naho hoba hari ivyerekana vyinshi kandi bikomeye vy'impwemu mbi y'ubukuru, ni kubera iki uwizera adakwiye kuzitinya?

Ni ayahe mazina ari hejuru y'izina rya Yesu muri iyi si? Mw'isi izoza?

Mu buryo bufatika canke mu majambo yumvikana, ivyo vyoba bisigura iki kuri twebwe tumwizera?

Reka twiyumvire kandi ku cyumviro abantu bamwe bafise ku bijanye na Mariya nk'umugabekazi w'ijuru. Ni gute uwu murongo werekana ko ivyo bidashoboka?

Abakristo bamwe bamwe baratinya gushingira intahe Kristo ku bayoboye amadini kama canke ya Islam canke ndetse abazwi yuko bakora ibikorwa vy'ubupfumu. Mbega uwu murongo woba ubabwiye iki?

Saba uwuyipfuzza gusoma umurongo wa 22

Ni ibintu bingahe biri muni y'ibirenge vya Yesu?

Ni inde yashize ibintu vyose muni y'ibirenge vyiwe?

Vyoba bisigura iki kuba muni y'ibirenge vyiwe?

Yesu ni iki kw'ishengero?

Mbega yoba ari umutwe ku bintu bingana gute?

Bisigura iki kuri we kuba umutwe?

Hariho abantu bavuga ko Papa w'i Roma ari umutwe w'ishengero. Uno murongo woba uvuga iki ku bijanye n'ico cyumviro?

Saba uwuyipfuzza gusoma umurongo wa 23.

Ni uwuhe mubiri wa Kristo? (raba neza akajambo "ni" gahuza ivyiyumviro kari ku ntango y'umurongo wa 23.)

Woba urimwo mu mubiri wa Kristo? Kubera iki? Ni gute winjira mwo?

Ni gute Kristo akwira "hose muri vyose"?

Ibindi vyo kuganirako:

Ubu ko umaze kubona igice cose uraba umurongo ku murongo, hoba hari ikindi kintu wipfuzza kwongerako mu gutahura kwawe kw'igice cose?

Igikorwa:

Nk'umurwi, mutegure indirimbo ivuga agaciro ka Yesu n'ingene ariwe vyose bihagazeko.

Isengesho:

Senga ngo Yesu yame ariwe agenewe uguhimbazwa mw'ishengero ryawe hamwe no mu mashengero yose hirya no hino mw'isi kandi bikaba mu buryo bugenda bwiyongera.

ABANYEFESO IGICE CA 2

Mu gice ca mbere, twagiye turatanga ijambo ry'umutwe ryerekana ivyo twagiye turabona

nk'urufatiro rw'imigwi y'imirongo twaba twafashe. Muri kano kanya rero bwira abanyeshuri basome imirongo hanyuma batange amajambo y'imitwe bishakiye. Nta buryo butanga inyishu y'ukuri, ariko ubatere intege kugira batore amajambo y'umumutwe asigura neza ibiri muriyo mirongo. Barashobora ndetse no kuganira ku bituma bagize uko guhitamwo.

Abanyefeso 2:1-3

Mwigisha, kuva ubu, urashobora kuza urasaba uwuvyipfuzaga gusoma, canke uze uraha imirongo abo uzi basoma neza. Ntugore abasoma nabi mu kubabwira ngo basome n'ijwi risohoka mu bantu.

Mbega ubona umurongo wa 1 w'igice ca kabiri uhindura intumbero y'ivyo wasomye mu mpera y'igice ca 1? Kubera iki?

Ni irihe hinduka rinini Yesu yazanye muri twebwe tumwizera?

Ino mirongo yerekana ukwari ukuri ku bitwerekeye (no ku bandi bose) imbere yuko tuja kwa Kristo? Twari tumeze gute mu maso y'Imana?

Mbega uko Imana ibona abadakijijwe gutandukaniye he n'uko twebwe ubwacu twibona imbere yuko dukizwa?

Ino mirongo ishimikiye ku buzima bwa kera butari muri Kristo, ariko ikerekana iryo hinduka rinini. Ko ubwo bwari ubuzima bwacu imbere ya Kristo, ubuzima bwacu muri Kristo muri kino gihe bwoba bumeze gute?

Nkuko muri Kristo tuyoborwa na Kristo, mu buzima bwacu bwa kera twayoborwa na nde?

Muri Kristo, turi abana b'Imana. Rondera amajambo yerekana ubwoko "bw'abana" twari imbere yuko tuja kwa Kristo.

Mbega umwansi w'Imana ariwe Satani yerekanwa gute muri iyi mirongo?

Mbega iyi mirongo yigisha ko abatari muri Yesu atangorane yabo uko biri kose? Kubera iki atari vyo?

Ibikorwa:

Bibiliya yerekana ko abatari muri Kristo bapfuye kandi ko abaje mu kwizera Kristo bagizwe bazima. Abanyeshure berekane ibintu biranga ivyapfuye baheze bavyandike ku rubaho canke ku rupapuro rumanitse. Uheze ubabwire badonde ibiranga ibintu bizima. Ni gute ivyo bintu vyerekana ubuzima bwacu imbere yuko tuja muri Kristo, n'inyuma.

Isengesho:

Saba umunyeshure ashime Imana kubw'ubuzima bushasha muri Kristo.

Abanyefeso 2:4-7 Mwigisha, saba umunyeshure umwe canke barenga umwe basome iyo mirongo uheze ubareke baganire nk'umugwi bahurize ku majambo y'umutwe ashoboka.

Inyuma yaho tuboneye uko twigeze kuba tumeze hanze ya Kristo, umurongo wa 1 utanguzwa n'akajambo gahuza amungane kakerekana igihushane. Ako kajambo ni akahe?

Ni iki Imana yadukoreye muri Kristo? Tanga ibintu bishika kuri bitatu canke bine.

Umurongo wa 5 ukoresha rimwe mu mavuga akoreshwa ku murongo wa 1. Mbega "kugira muzima" bisigura iki? (Gusubiza ubuzima ikintu kiba carapfuye)

Ni irihe jambo ryerekana ko Imana yahinduye ibintu atari hano kw'isi gusa ariko no mu buzima bwacu n'Imana.

Ni iki Imana izokwerekana mu bihe bizozza muri twebywe?
Ni ibihe bintu biranga Imana tubona muri ino mirongo?
Ni kubera iki Imana yakozze ivyo vyose ku bwacu?

Ibikorwa:

Reka abanyeshure berekane bakoresheje ibimenyetso "Imana yaraturuzuye" hamwe na "Itwicarika ahantu ho mw'ijuru"

Isengesho:

Senga ko twokora kandi tukabaho nk'abantu bicaye ahantu ho mw'ijuru.

Abanyefeso 2:8-10 Saba umunyeshure umwe canke barenga umwe basome iyo mirongo uheze ubareke baganire nk'umugwi bahurize ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni gute twakijijwe?

Ni uruhe ruhara dufise mu bijanye n'agakiza kacu?

Ni iyihe ngabire y'Imana? (Raba neza. Ukwizera ubwakwo ni ingabire)

Ni uruhe ruhara rw'ibikorwa vyiza ku bijanye n'agakiza kacu?

Ni kubera iki ari ivyigiciro ko ibikorwa vyiza vyacu bitogira uruhara ku bijanye n'agakiza kacu?

Ntitwakijijwe N'ibikorwa vyiza, ariko twakijijwe NGO dukore ibikorwa vyiza. Ni ikihe gice c'iryungane cerekana ico cyumviro?

Ni iki Imana yateguriye uwizera Kristo?

Iyo hagize uwuvuga ko tubwirizwa kuja ku rushengero, tukitwara neza imbere ya bagenzi bacu, tukisonzeshya ndetse tukitwararika abavyeyi bacu kugira ngo dushobore gukizwa, ni iki womubwira ufatiye kuri iyi mirongo?

Ibikorwa:

Abanyeshure basubiremwo incuro nyinshi nk'indirimo,

"Twakijijwe kubwo kwizera Kristo," (tumbereza urutoke hejuru)

"Ntivyavuye ku bikorwa vyacu" (zugagiza umutwe n'ikiganza uhakana)

Isengesho:

Saba umunyeshure asengere umuntu adategera ko ubuntu aribwo bwadukijije mu bwo kwizera atari ibikorwa vyiza dushobora gukora.

Abanyefeso 2:11-12 Saba umunyeshure umwe canke barenga umwe basome iyo mirongo uheze ubareke baganire nk'umugwi bahurize ku majambo y'umutwe ashoboka.

Muri ino mirongo dusubiye inyuma ku kungene twari tumeze imbere yuko tuza muri Kristo. Ni ikihe gice c'iryungane kivyerekana?

Abanyamahanga ni ba nde?

Iki ikihe kintu gifise insiguro atari nziza muri iryo jambo?

Nkuko akajambo "muri Kristo" kerekana ubuzima bwacu kuva twakiriye ukwizera, ni akahe kajambo gakoreshejwe mu kwerekana ubuzima twarimwo imbere yuko twizera?

Itandukaniro bisigura iki? Twari itandukaniro ku buhe bwoko bw'abantu imbere yuko tuza kuri Kristo?

Vyasigura iki kuba itandukaniro kuri ubwo bwoko bw'abantu?

Twari iki ku bijanye n'amaserano y'ivyasezeranywe y'Imana

Ni iki twari tubuze? Ntitwari dufise _____. Ivyo vyoba vyasigura iki kuri twebwe?

Ntitwari dufise Kristo, kandi ntitwari dufise inde? Ivyo vyoba vyasigura iki kuri twebwe?

Ahanini, iyo mirongo yerekana gute uko twari tumeze imbere yuko tuza mu kwizera Kristo?

Ibikorwa:

Subiramwo nk'indirimo, amajambo ku majambo,

"Abanyamahanga", "ata Kristo," "injabuka ku maserano y'Imana" "ata Kristo," "kure-kure-kure-kure-kure y'Imana."

Isengesho:

Sengera umuntu uzi akiri kure y'Imana.

Abanyefeso 2: 13-18 Saba umunyeshure umwe canke barenga umwe basome iyo mirongo uheze ubareke baganire nk'umugwi bahurize ku majambo y'umutwe ashoboka.

Kano gace gatangurwa n'akandi kajambo kerekana igihushane. Ni ibihe bintu bibiri umwanditsi (Intumwa Paulo) yerekana nk'ibihushane?

Ku bijanye n'Imana, imbere yuko tuza muri Kristo, twari hafi canke kure yayo?

Ubu rero muri Kristo, ni gute ico kibanza cahindutse?

Ni iki catwegeje hafi y'Imana?

Ni igiki kintu kindi amaraso ya Yesu yadukoreye ku musaraba?

Ni inde yakuyeho amacakubiri hagati yacu n'Imana, gute?

Paulo akoresha imvugo ngereranyo, agereranya ibintu bibiri aho avuga ko ikintu kimwe ARI ikindi, bisigura ko kimeze nk'ico kindi. Iyo mvugo ngereranyo ni iyihe? (Raba umurongo wa 14.)

Ivyo vyoba ari ngirakamaro kubera iki?

Ni ikihe gisika co hagati catandukanya abanyamahanga n'abayahudi?

Abanyamahanga n'abayahudi buzujwe n'Imana mu buryo bumwe. Ubwo buryo ni ubuhe?

Ibikorwa:

Koresha ibimenyetso mu kwerekana, "kure---ubu twegejwe hafi"

"Abansi b'abantu b'Imana_ abantu b'Imana twebwe nyene"

"Ingwano n'Imana_ amahoro n'Imana"

"Ivyo vyose kubwa Yesu_ ishimwe ni iry'izina ryiwe"

Isengesho:

Sengera umuntu wo mu uryango wawe akiri kure y'Imana.

Abanyefeso 2:18-22 Saba umunyeshure umwe canke barenga umwe basome iyo mirongo uheze ubareke baganire nk'umugwi bahurize ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni gute twese dushikira Imana?
Mbega icyumviro co "gushikira" cerekana iki?
Hoba hari imyizere canke imigirwa mw'ishengero yerekana ko hari abakristo badategera neza ko dufise ugushikira Data?
Ni gute twahinduwe uko twari tumeze imbere y'Imana n'abantu bayo?
Twebwe mu rushengero twubatswe kuri ayahe mabuye y'itanguriro?
Ni inde ari ibuye rigumya imfuruka kuri ayo mabuye y'itanguriro?
Ni gute ishengero ryerekanwa ku murongo wa 21?
Ni inde aba muri twebwe twizera?
Inyubako ikoreshejwe amabuye ntihindagurika. Ni irihe tandukaniro riri hagati n'inyubako y'umubiri wa Kristo, ishengero?

Ibikorwa:

Saba abanyeshuri bagera kuri babiri bakine agakino kerekana ugushikira Data.

Isengesho:

Shimira Imana ku vyo yakozwe mu buzima bwawe kuva uje mu kwizera.

Ibindi vyo kuganirako:

Subira wiyumvire ibihushane n'impinduka twabonye muri kino gice. Ni iki kigutangaje gusumba ibindi? Ni iki gifise insiguro isumba izindi muri kano kanya ku bwawe? Kubera iki?

ABANYEFESO IGICE CA 3

Saba abanyeshuri bake basoma neza basomere abandi igice ca 3. Saba abandi bakurikire neza cane uko bashoboye kandi baze barandika ahantu ikintu cose babonye gisa nk'ikidasanzwe. Muheze muganire muri uwo mugwi icyumviro gishobora kuba ari nyamukuru muri ico gice hamwe n'ijambo ry'umutwe ribereye kuri ico gice muri rusangi.

Abanyefeso 3:1-6 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni gute intumwa Paulo yiyerekanye?

Mu buhe buryo Paulo yari imbohe ya Yesu Kristo?

Ntiyari imbohe ya Yesu gusa, ariko yari uko "KUBWA mwebwe abanyamahanga." Ivyo vyoba bisigura iki?

Ni ubuhe bubwiriza bw'ubuntu bw'Imana Paulo yahawe kubw'abanyamahanga?

Ni ikihe gihe gikuru Paulo yariko aravuga mu gice ca 3?

Ibanga, canke mystery mu congereza nkuko bibiliya y'icongereza ivuga, si ikintu kitazwi canke ikintu abantu bipfuzaga kumenya ariko batazi. Ahubwo ni ikintu cari kitazwi canke cari gitegerewe mu buryo buke, mugabo cabaye ikizwi. Ni irihe banga Paulo yariko aravuga ku mirongo ya 3 na 4?

Mbega iryo banga ryari iryomenywa n'Abanyefeso babizera, canke iryobanyegezwa?

Iryo banga ryahishuriwe inde ubwambere?

Ni inde yarishishuye?

Umurongo wa 6 uraduhishurira twese iryo banga. Ni irihe?

Kubera iki iryo hishurirwa ryari irihambaye ku bwenge bw'Abayahudi?
Naho Abayahudi batari batahuye ko ABANTU BOSE bari bakwiye kubwirwa ubutumwa bwiza,
Imana yari yarerekanye akatari gake kandi yaramenyeshye ko ari uko bizogenda. Ni ubuhe
burorero mwiyumvira buri mw'isezerano rya kera? Kuva ku mavuko n'ukubaho kwa Yesu?
Iyumvire kuri ico kintu yuko iryo banga rigushiramwo NAWA. Bisigura yuko wewe
n'umuryango wawe mushobora kubabarirwa ndetse mukanakirwa n'Imana. Ni iki wipfuza
kubwira Imana iyo uvyiyumviriye?

Ibikorwa:

Mu gihe woba ufise umunyeshure umwe canke benshi bazi gutegura indirimbo, ni bategure
ururirimbo ruvuga ibanga rya Kristo nk'uwutuma Imana izotwakira twese twizera Yesu mu
muryango wayo. Baheze bigishe urwo rurimbo abandi.

Isengesho:

Musenge kugira tuzoshobore kwugurukira abandi bantu tudasa ariko bizera Yesu nabo.

Abanyefeso 3:7-8 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze
usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Iyo mirongo ihagaze ku gikorwa c'Imana ku buzima bwa nde?

Ni uruhe ruhara Paulo yarafise mw'ibanga?

Ni gute Paulo yivugaga kandi ni kubera iki yivugaga muri ubwo buryo?

Ni iyihe ngabire Paulo yahawe?

Mbe iyo ngabire yoba yari umugisha wiwe bwite kugira ngo awikoreshereze we nyene, canke ni
kubera iki yahawe uwo mugisha?

Ni gute ububasha bw'Imana bwerekanywe, hama ivyo vyoba bisigura iki?

Ni irihe tunga rya Kristo ritagira aho rihereza?

Ibikorwa:

Ni inde mu karere ubayemwo akeneye ubutumwa bwiza? Tegura icigwa kugira usangire nabo
Ubutumwa bwiza mu buryo ubu canke buriya.

Isengesho:

Senga kugira Imana izotugire twese ivyabona bikwiye vy'ubuntu bwayo.

Abanyefeso 3:9-11 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze
usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Mbega iryo banga "ry'Ubutumwa bwiza kuri bose" ryahishijwe igihe kingana gute?

Ni abantu bangana gute bakwiye guserurirwa ubu?

Ni uruhe ruhara rwa Yesu Kristo mw'iremwa?

Ivyo vyoba bitumenyeshya iki kuri we?

Kiretse abantu, ni uwuhe mugwi w'ibiremwa wundi wahishuriwe iryo banga "ry'Ubutumwa
bwiza kuri bose"?

Ni gute tumenya yuko "Ubutumwa bwiza kuri bose" atari ikintu Imana yari iheruka kwiyumvirako vuba?

Subira inyuma uje muri Itanguriro 12:3, aho Imana yahamagara Aburahamu gutanguza ihanga ry'Abayahudi, ihanga rizohabwa ivyanditswe vya mbere vy'Imana kandi hakazoshobora no kuvamwo Mesiya aza mw'isi. Ni ikihe kintu cerekana ko Imana kuva muri ico gihe, umugambi wayo mu vy'ukuri wari "Ubutumwa bwiza kuri bose"?

Ibikorwa:

Gira urutonde rw'impwemu z'abakuru n'abafise ububasha b'ahantu ho mw'ijuru bashobora kuba bakorera ahantu uba.

Isengesho:

Senga ugwanya ibikorwa vy'impwemu mbi z'abakuru n'abafise ububasha b'ahantu ho mwijuru aho uba.

Abanyefeso 3:12-13 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni muri inde dufise ukwo gushikira Imana, ubwo bushizi bw'ubwoba?

Ni gute dushobora kugira ukwo gushikira?

Hagize uwukubwira yuko utegerezwa guca ku beranda kugira dushikire Imana, wovuga iki?

Hagize uwuvuga yuko utegerezwa guca kuri nyina wa Yesu kugira ngo adusabire ku Mana, ni iki wovuga?

Hagize uwuvuga yuko dutegerezwa kuzana ikimazi kanaka, canke tugatanga amafaranga kugira ngo dushikire Imana, wovuga iki?

Kubera dufise uko gushikira Imana, ni iki Paulo yipfuza?

Amarushwa ya Paulo ku banyamahanga yari iki?

Ni iki Paulo yita icubahiro cabo? Ni gute amarushwa yoba icubahiro?

Ni gute ukoresha ugushikira Imana Kristo yatsindiye kubwawe?

Ibikorwa:

Mutegure agakino kerekana amasengesho y'ubwoba hamwe n'amasengesho y'ubushizi bw'ubwoba.

Isengesho:

Sengera n'ubushizi b'ubwoba abo mu muryango wawe, abagenzi hamwe n'ababanyi batarakizwa.

Abanyefeso 3:14-16 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni irihe sengesho rya Paulo ku bizera b'i Efeso?

Mbega gupfukama kwiwe gusigura iki?

Mu buhe buryo canke ku yihe mpamvu imiryango yose yo mw'ijuru n'iyi mw'isi yitirirwa izina ryiwe canke kubw'iwe?

Nubwo biri uko ntibisigura yuko abantu bose bazokizwa. Wokwiyumvira ku yindi mirongo yo muri Bibiliya ivyerekana neza, kumbure mu gitabo c'Abanyefeso nyene?
Ni gute abizera bokomezwa?

Ibikorwa:

Tegura agakino kerekana Paulo ariko arasenga nkuko tubibona muri iyi mirongo.

Isengesho:

Sengera ishengeru ryawe nkuko Paulo avyerekana.

Abanyefeso 3:17-19 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Ni gute Kristo aba mu mitima yacu?

Ni iki gishobora kuduha imizi hamwe n'amabuye y'itanguriro mu kwizera kwacu?

Kuko iri isengesho rya Paulo kubw'Abanyefeso ribandanya, ni iki ariko arabasabira?

Urukundo rwa Kristo ntakuntu rwosigurwa, rurahambaye cane. Ni ayahe majambo Paulo akoresha kugira adufashe gutangura gutahura ubunini bwarwo?

Ni gute twonengesera tugashika k'ukunengesera kwose kw'Imana?

Twebwe, kuko turi ibiremwa vy'Imana, ntidushobora kuba Imana vy'ukuri. None umurongo wa 19 woba usigura iki?

Ibikorwa:

Mutegure ururirimbo ruvuga kuri bimwe mu bigize ukwo kuri tubona muri iyo mirongo muheze mururirimbire hamwe.

Isengesho:

Abakristo benshi mu mihingo myinshi y'isi bariko barahamwa ndetse bakanicwa bazira ukwizera kwabo, cane cane mu bice vy'abisiramu. Musenge kugira bashobore kumenya urukundo rwa Kristo baheze barwerekane kuri abo babahama muri ivyo bihe bigoye.

Abanyefeso 3:20-21 Saba umunyeshure umwe canke abarenga umwe basome imirongo uheze usabe umugwi wose uganire kandi wumvikane ku majambo y'umutwe ashoboka.

Imirongo ibiri ya nyuma y'iki gice ni ugutanga umuhezagiro canke umugisha. Mbega uwo mugisha woba uha icubahiro inde?

Mbega mu gihe utahuye yuko Imana ishobora gukora ibirengeye cane ivyo dusaba n'ivyo twiyumvira vyose, ivyo vyoba bigutera intege gute?

Mu bihe bice vy'ubuzima bwawe ukeneyemwo ubushobozi bw'Imana "burengeye cane"? Woba uriko urabisengera, utumira Imana ngo ikoreremwo? Kubera iki utobigira ubu?

Ubwo bushobozi "burengeye cane" busanzwe bukorera muri inde? Woshobora kuduha uturorero duke mu buzima bwawe bwite?

Paulo asenga ngo icubahiro c'Imana kizoboneke muri uwuhe mugwi w'abantu?

Asenga ngo icubahiro c'Imana kizoboneke kugeza ryari?

Ni gute Icubahiro c'Imana gishobora kuboneka neza mw'ishengero? Ni gute ushobora kugira ico ufashije kugira ngo ivyo bikunde?

indirimbo y'ishimwe ku Mana ikunzwe kuririmbwa mu mashengero amwe amwe ikomoka kuri icyo mirongo. Woba uruzi?

Bibiliya ya King James ikoresha ijamba rishobora kugora gutahura: "Isi itagira iherezo."

Ivyo bishobora kugora gutahura kuko nkuko tubizi, Bibiliya yigisha yuko iyi si izogira iherezo.

Reka rero turabe mu yandi ma Bibiliya kugira dushobore gutahura ivyo iryo jambo ryasigura mu kigiriki:

"ku buzukuruza bose ibihe bitazoshira" (New American Standard)

"Ku buzukuruza bose ibihe bitazoshira" (Bible in Basic English)

"ku buzukuruza bose b'ibihe n'ibihe" (Darby's)

"ku bihe vyose kandi bihoraho" (God's Word)

"ku buzukuruza bose, ibihe bitazoshira" (Holman Christian Standard, co kimwe na International Christian Standard, co kimwe na New English Translation)

"ku buzukuruza bose b'ibihe bidashira" (New American Standard)

"ku bihe vyose, ibihe bidashira" (New Century Version)

"ku buzukuruza bose, ibihe bidashira" (New International Version)

"Ibihe bidashira mu myaka itagira iherezo" (New Living Translation)

"muni y'abuzukuruza bose...mu bimpumbe vyose" (The Message)

"ku buzukuruza bose b'imyaka n'imyaka" (Young's Literal Translation)

Ni gute wokwerekana ico ciyumviro mu majambo yawe?

Ibikorwa:

Gira urutonde rw'ivyo usaba mu masengesho bisa nkuko bigoye cane no ku Mana ubwayo.

Isengesho:

Wibuka kandi wemeza ko Imana ishobora gukora ibirengeye cane ivyo dusaba kandi twiyumvira vyose, sengerera ivyo usaba.

ABANYEFESO IGICE CA 4

Saba abanyeshuri bake basoma neza basomere abandi igice ca 3. Saba abandi bakurikire neza cane uko bashoboye kandi baze barandika ahantu ikintu cose babonye gisa nk'ikidasanzwe.

Muheze muganire muri uwo mugwi icyumviro gishobora kuba ari nyamukuru muri icyo gice hamwe n'ijambo ry'umutwe ribereye kuri icyo gice muri rusangi.

Abanyefeso 4:1-3

Ijambo "ni co gituma" ryo ku murongo wa 1 ryerekana iki mu vyamazwe kuvugwa imbere? Ni mu muco w'iki dukwiye kugenda uko bibereye ihamagarwa twahamagawe?

Ni irihe rivuga rihambaye rikoresheya ku murongo wa 1 ryerekana icyo Paulo yariko arakora? Ni irihe shusho iryo rivuga ribibutsa?

Ni gute Paulo yivugaga? Mugereranye n'ijambo akoresha mu gutangura igice giheze.

Ni ibihe bintu vy'imibereho umukristo akwiye kwerekana?

Ni iki dukwiye gukorera?

Ni iki dukwiye kuzigama?

Ubumwe bwa Mpwemu ni iki? Ni mu buhe buryo turi umwe n'abandi bizera bo mu yandi mashengero no mu bindi bihugu?

Iyumvire kuri iri jambo, "umuguzi w'amahoro." Umuguzi ni iki? Ufata ko iryo jambo ari ijambo rikomeye canke ryoroshe? Kubera iki Paulo yerekana amahoro muri ubwo buryo? Ni ayahe mahoro ariko aravugaga?

Ibikurwa:

Tegura agakino kerekana umukristo ariko afatwa nabi ariko akerekana uburwaneza, ukwihangana mu rukundo umuntu ariko amufata nabi.

Isengesho:

Dusenge kugira Imana izodufashe kwifata nka Kristo mu gihe tuzoba turiko dufatwa nabi.

Abanyefeso 4:4-6

Ni gute icyumviro cyo ku murongo wa 4 gifatanye nikiri imbere yaho?

Twebwe nk'abantu tuba kw'isi tubona amashengero menshi. Ariko Imana mu kubona kwayo kw'ibihe bidashira yoba ibona gute ishengero?

Hariho impwemu nyinshi, yamara umwanditsi avuze ko hari Mpwemu umwe. Ni gute Mpwemu Yera w'Imana atandukanye n'impwemu zindi zose ku buryo aboneka nk'uwuri wenyene mu budasa?

Paulo avugaga "umwe" incuro zingaha? Ni ibihe bintu avugaga akoresheje "umwe"?

Mu yindi mirongo dusoma ko Imana ari Data w'impwemu ku bizera Kristo gusa. None ni ubuhe buryo Imana ari "Data wa twese"?

Ni ubuhe buryo Imana "isumba bese"? Ni bande isumba?

Ni gute Imana yari muri bese?

Mbega Mpwemu Yera w'Imana yoba aba muri wewe? Ubizi gute?

Woba uriko ukora iki kugira ngo urinde kandi wongera werekane ubumwe bw'ishengero?

Ni iki woba uriko urakora canke woba ubona abandi bakora bishobora kurwanya ubwo bumwe?

Hari imibereho yawe canke ibikorwa vyawe ukwiye guhindura kugira ngo bikunde ugwize ubumwe bw'ishengero?

Ibikorwa:

Mu mugwi, abakiri bato bategure akaririmbo gafatiye ku cyumviro, "Umubiri umwe."

Isengesho:

Musenge kugira Imana yereke umugwi uburyo ukwiye gufasha mu bumwe b'ishengero kandi iwushoboze gukora ivyo ushoboye.

Abanyefeso 4:7-8

Hariho ijambo risubiwemwo muriyi mirongo ryerekana icyo iyi mirongo ivugaga. Ku murongo w'indwi riri muri rudende, ku murongo w'umunani riri muri bwinshi.

Imana yahaye ingabire abantu bangana gute mu bizera?

Ni ryari izo ingabire zahawe ishengero ubwa mbere?

Iyumvire ku ngabire zo mu buryo bw'impwemu Imana yaguhaye. Woba uzi zimwe muri zo izo ari zo?

Ni izihe ngabire z'impwemu woba ubona muri bagenzi bawe mwigana?

Ibikorwa:

Mu gihe igitigiri c'umurwi coba kigukundira, baza umuntu wese ingabire yumva ko yoba afise, hamwe n'ingabire boba babona mu bandi banyeshuri. Gerageza gutera intege abanyeshuri bose kugira bagire ico bashikirije bose. Nk'akarorero hari umunyeshuri afise ingabire yo kuyobora abandi, ubonye vyavuzwe agashika kabiri, saba abanyeshuri bavuge iyindi ngabire babona k'uwundi munyeshuri. Ubonye hari abanyeshuri batavuzwe, wewe umwigisha uce uvuga ingabire ubona ku banyeshuri batavuzwe.

Isengesho:

Musenge kugira Imana ishoboze umwe wese muri mwebwe gukoresha ingabire ku nyungu y'umubiri wa Kristo.

Abanyefeso 4:9-10

Ni ayahe mavuga yerekana ibihushane akoreshejwe muriyo mirongo ku bijanye na Kristo?

Ni ikihe gihe c'ubuzima bwa Yesu Paulo ariko aravuga?

Itegereze neza ko rimwe muri ayo mavuga ryakoreshejwe ku murongo w'8. Ni irihe huriro riri ngaha?

Ni iyihe ntumbero y'ubuzima bwa Yesu hmwe n'iduga ryiwe mu nyuma?

Ni ikihe kintu wiyumvira ko iyi mirongo itwigisha?

Ibikorwa:

Tegura agakino kerekana Yesu amanuka kw'isi, hanyuma asubira kuduga mw'ijuru inyuma y'ukuzuka kwiwe.

Isengesho:

Musenge kugira Kristo anengesere vyose mu buzima bwacu n'amashengero yacu.

Abanyefeso 4:11-13

Aha ni hamwe mu vyanditswe aho ingabire za Mpwemu kanaka zitanzwe. Ni izihe ngabire zavuzwe?

Menya neza ko ihangiro ry'izo ngabire atari gushira hejuru awazironse. Ahubwo, ihangiro ni iyihe?

Ni ryari tutazoba tugikeneye ingabire z'Imana?

Ivyo bizoshika ryari?

Ni gute umuntu atunganye yerekanywe?

Mbega izo ngabire zoba ari ibiti dukoresha mu gushira ku mazina yacu, canke ni ingabire ziva ku Mana dukoresha mu bikorwa vyayo?

Ni izihe muri izo ngabire canke mbere n'izindi wibaza ko woba ufise?

Mbega womeya ingabire bamwe mu bo mwigana boba bafise?

Gereranya ingabire zerekanywe hano n'iziri muri Abaroma 12:4-8 hamwe no muri Ab'i Korinto

ba mbere 12:4-11. Ni irihe tandukaniro riri muri izo ntonde z'ingabire. Ko ata rutonde ruvuga ingabire zose, wibaza ko ingabire za Mpwemu zose zishoboka zoba zavuzwe muri izo ntonde, canke hoba hariho ubundi burorero nkubwo bw'izindi ngabire za Mpwemu (bisigura Ko Imana yoshobora gutanga n'izindi nkuko nyene)?

Ibikorwa:

Zino ntonde ziravuga ingabire z'intumwa hamwe n'bavugishwa. Mu bindi bice, ivyo bikorwa birasigurwa kandi n'amategeko bijanye aratangwa. Raba uko intumwa cumi n'umwe zari zisigaye zafata nk'ibiranga intumwa igihe bariko basubiriza Yuda nk'umwe muri bo. Raba Ivyakozwe n'intumwa 1:21-26.

Ni ikihe cari icerekana umuvugishwa w'ukuri kikamutandukanya n'uwikinyoma? Raba Gusubira mu vyagezwe 18:20-22 hamwe na Yereimiya 23:16 hamwe na 21.

Isengesho:

Musenge kugira ishengero rishobore kugira ubwenge ngo rimenze abavugishwa b'Imana n'abavugishwa bivugira bivanye n'ivyiyumviro vyabo gusa.

Abanyefeso 4:14-16

Ni gute abana bo mu buryo bw'impwemu basiguwe hano?

Ni gute abigisha b'ibinyoma berekanywe?

Rimwe na rimwe abigisha b'ibinyoma bashobora kuba badatahura nabo nyene ubwabo. Ikinde gihe ugasanga barazi ukuri ariko bagahitamwo mu gushaka kwabo guhindura ukwo kuri bazi kubw'inyungu zabo bwite. Ni uwuhe mugwi werekanywe hano?

Hari umwigisha woba uzi ari muri uwo mugwi? Ni gute umenya ko bigisha ibinyoma?

Igihe tuja kure yizo nyigisho z'ibinyoma, ni iki Imana yipfuzako dukora mu gishingo?

Iyo turiko turakura mu buryo bw'impwemu, ni kuri inde dushirako ubwenge bwacu?

Mbega yoba ari Papa umukuru w'ishengero? Nimba atari we, ni inde none?

Paulo avuga gute ibihimba bitandukanye vy'ishengero bikorera hamwe?

Ni irihe nyungu yo gukorera hamwe, ndetse ni inde aronka iyo nyungu?

Ibikorwa:

Iyumvire ico woba uriko urakora gifasha ishengero mu karere ubayemwo, mu gihugu cawe.

Bisangire n'abo muri kumwe.

Iyumvire ico warukwiye kuba uriko urakora. Ni igike wipfuzako gutangura gukorera umubiri wa Kristo?

Raba hirya no hino mu bo mwigana. Sangira nabo mu kubabwira ingabire ubabonamwo bariko barakoresha canke bari bakwiye kuba bariko barakoresha kubw'umubiri wa Kristo.

Mu mugwi, mutegure akaririmbo kavuga gukoresha ingabire zacu zitandukanye kubw'ineza y'umubiri (wa Kristo). Wewe nka Pasitori, ubishoboye wokwigisha kandi ukaririmbisha ishengero ako karirimbo.

Isengesho:

Senga kugira ngo ishengero ryawe rishobore kugira ugutahura kwa Mpwemu kugira bashobora kumenya abigisha b'ibinyoma n'inyigisho z'ibinyoma.

Senga kugira abanyeshengero benshi bawe bashobore gukoresha neza ingabire zabo

kubw'umubiri wa Kristo.

Abanyefeso 4:17-19

Ni irihe hinduka ryari rikwiye kuboneka mu buryo twebwe abakristo tubaho ubuzima bwacu?

Ni gute Paulo yerekana uburyo abandi banyamahanga babaho ubuzima bwabo?

Ni gute ubuzima bwabo hamwe n'ubwenge bwabo bitagira ikimazi canke ari ivy'ubusa?

Ivyo vyoba bisigura yuko Imana izokwemera ukubaho uko ariko kwose kw'umuntu mu gihe yoba ari mu kuri? Oyaye kubera iki?

Ni gute Paulo yerekana ubwenge canke ugutahura kw'abatizera?

Ni gute imigendereranire yabo n'Imana yerekanywe?

Ni iki kibatandukanya n'Imana?

Ni gute imitima yabo imbere y'Imana yerekanwa?

Ni iki uwo mwiza w'ubunyamahanga wononye mu ngeso zabo bahawe n'Imana?

Ni ubuhe bwoko bw'ubuzima bwaciye buba ingaruka?

Woshobora gutanga uburorero buke bw'abantu bari mu mico yawe aho ingeso zabo zazimye kugeza aho bashobora gukora ibibi vy'ubwoko bwose ntibasimbwe n'umutima? (Abanyeshure batange uburorero butari buke)

Mu butumwa bwiza, woba wibuka umwe muri ba "ndiho" ba Yesu yavuze kuri ubwo buhumyi bw'umutima? Iki?

Ibikorwa:

Umugwi utegure agakino aho werekana uko abadakijijwe babayeho. Uwundi mugwi uhakane ukoresheje intoke ubibutsa, "Ntimube mukigenda nkuko abanyamahanga bagenda."

Isengesho:

Biragoye kwoga ugenda aho amazi adatamba aja, ariko ico nico Imana iduhamagarira gukora. Musenge kugira Imana iduhe ubushobozi bwo kwoga tuja ahatandukanye naho iyi si hamwe n'icaha cayo bitemba bija.

Abanyefeso 4:20-24

Ni iki cerekana ko Paulo ariko aratandukanya uburyo abizera babayeho n'ubuzima bwo kutagira ubwenge n'ikimazi abanyamahanga babayeho hirya ya Kristo?

Ni ayahe majambo yerekana uwo ukuri kwubakiyeko? Muyasubiriremwo hamwe icuro 3.

Nimba ukuvuga Kristo kwacu ari ukuri, ni iki dukwiye kwiya mbura?

Ni iki Paulo ashaka kuvuga iyo atubwira umuntu wa kera n'umuntu mushasha?

Ni gute ubuzima bw'umuntu mushasha bukwiye kumera?

Ni gute ubuzima bwawe bwahindutse kuva uje kuri Kristo? Ni ibihe bintu vya kera wahagaritse gukora, hanyuma ni ibihe bintu bishasha watanguye gukora? Ni gute ibikuryohera, ivyipfuzo hamwe n'ivyo ukunda vyahindutse?

Ibikorwa:

Shira abanyeshuri mu migwi ibiri. Umugwi wa mbere utegure agakino werekana uko ukubaho ubuzima bujanye n'umuntu wa kera bimeze, hanyuma uwundi mugwi werekane uko biri ukubaho ubuzima bujanye n'umuntu mushasha. Umugwi wose ukorera ku bintu bine: ukuja mw'ishengero,

ukwumviriza Bibiriya, kuba imvugakuri, hamwe no kuganira hagati yabo ku bijanye n'abafise ibitsina gitandukanye.

Isengesho:

Senga kugira ushobore kwerekana ibimenyamenya vy'ubuzima bushasha mu majambo, ivyiyumviro, ingingo, hamwe n'ibikorwa vya buri muni.

Abanyefeso 4:25-32

Ni izihe ngeso z'ivyaha zidomweko urutoke abizera bakwiye kwirinda mu buzima bwabo?

Muri ivyo bitandukanye, ni izihe ngeso nziza dukwiye guhinduza izo za kera, z'ivyaha?

Ni gute amahitamwo y'ivyaha yacu akora ku migenderanire dufise n'Imana?

Ni iki Mpwemu Yera yadukoreye twebwe twizera?

Ni kubera iki duhamagariwe kubabarira abatubabaje?

Wiyumvira ko ari ibihe bintu biri mu bigoye gusumba kubabarira?

Ni gute iyi mirongo ishobora kugufasha mu bihe bigoye nk'ivyo?

Igikorwa:

Mu mugwi umwe, mutegure kandi muririmbe muterana intege kugira dushobore kubabarirana.

Isengesho:

Ha igikorwa abanyeshuri co gusaba Imana kubibutsa umuntu wese boba bafitiye inzigo. Basabe gusenga babwire Imana ibahe inkomezi zibashoboza gutahura no kubabarira abo bantu.

ABANYEFESO IGICE CA 5

Saba abanyeshuri bake basoma neza basomere abandi igice ca 3. Saba abandi bakurikire neza cane uko bashoboye kandi baze barandika ahantu ikintu cose babonye gisa nk'ikidasanzwe.

Muheze muganire muri uwo mugwi icyumviro gishobora kuba ari nyamukuru muri icyo gice hamwe n'ijambo ry'umutwe ribereye kuri icyo gice muri rusangi.

Abanyefeso 5:1-2

Ni irihe jambo ku murongo wa 1 ryerekana ko uwo murongo uri mu rukurikirane n'imirongo yaje imbere ku gice ca 4?

Ni inde dukwiye kwigana?

Dukwiye kwigana Imana nk'abana ikunda? Ni gute abana bakurikira?

Ni ikihe cyumviro ijambo "ikunda" ryuhira hano?

Ni inde yaduhaye akarorero ko kugendera mu rukundo?

Ni iki Kristo yadukoreye tutoshobora kwikorera?

Ni gute tuzi ko Imana yemeye ukwitanga ku musaraba kwa Yesu nk'ishikanwa n'ikimazi?

Igikorwa:

Muje mu migwi hanyuma umugwi wose utegure agakino kerekana umuntu agendera mu rukundo

nkuko Imana yadukunze.

Isengesho:

Mwigisha, saba abanyeshure bagerageze gusaba Imana ishire mu vyiyumviro vyabo uburyo bwose batangendera mu rukundo. Tanga umwanya kugira basabe Imana imbabazi n'inkomezi nsha zo gukora neza gusumba.

Abanyefeso 5:3-4

Ni ibiki bidakwiye no kuja mu kanwa kacu?

Ni kuri ba nde ivyo bintu bitabereye?

Woshobora gutora ahandi hantu Paulo yamaze kwita Abanyefeso bizera ko ari abera? (Imbere muri iki gitabo)

Ni iyihe mvugo mwumva ikwiye kwitwa iyiteye isoni canke y'ubupfu?

Mu gishingo c'iyi mvugo, ni iyihe mvugo ibereye abizera?

Igikorwa:

Muganire ivyaha mu vyavuzwe aha bikunze gukorwa mu rwaruka rwaho mubaye. Muheze muganire ukuntu mukwiye kwikingira kugira ntimugwe muri bene ivyo vyaha.

Isengesho:

Saba Imana igufashe kunesha ibigeragezo vy'ivyaho vyaha.

Abanyefeso 5:5-7

Ni irihe jambo ku murongo wa 5 rifatanye iki cyumviro ku mirongo twabonye imbere? Ni gute iki cyumviro gifatanye n'ibindi?

Paulo yoba afata ko iyi nyigisho ari ikintu gishasha ariko arabereka, canke ikintu ca kera ariko arabibutsa? Ni gute mwobisigura?

Ni abahe bantu batazoragwa ubwami bw'Imana?

Kuri urwo rutonde harimwo icaha co kwifuza, canke kwifuza ikintu Imana itaduhaye. Hoba hariho umuntu adafatwa nico caha?

Ni kubera iki uburake bw'Imana buza ku bantu b'intabarirwa?

Ni hagira umuntu ashaka kubereka ibindi bidasa n'ivyaho, ni iki Paulo ababwirira?

None ko tuzi ko Imana irakarira abakora bene ivyo bintu, ni iki Paulo aduhanura gukora?

Igikorwa:

Gira urutonde ku rubaho rw'ivyaha vyavuzwe hano. Uce akarongo muni y'ivyaha bimaze kugutsinda. Iyo twizeye Yesu, ivyo vyaha biragenda, uheze rero ubwire uwundi ahanagure urubaho kandi arwoze neza n'amazi mu gihe abandi bazoba bariko baririmba, "Vyaragiye, vyaragiye, vyaragiye, ego ivyaha vyanje vyaragiye."

Isengesho:

Senga uvuga amazina y'abantu bari mu muryango wawe, mu kibano, hamwe n'abantu uzi bakiri

mu migozi y'icaha. Senga kugira bashobore kumenya Kristo no guharirwa ivyaha.

Abanyefeso 5:8-10

Ni irihe jambo rihuza iki ciyumviro n'itegeko rya Paulo ryo kutifatanya n'abakora ibi vyaha?
Ni ibiki vyaturanga twebwe abaizera imbere y'uko tuza kuri Kristo?
Ni iki cahindutse mu kibanza cacu canke mu kituranga ubu ko twabaye abizera Kristo?
Ni igiki kindi gikwiye guhinduka mu buzima bwacu?
Ni gute abizera bashobora kumenya ivyemerwa n'Umwami?

Igikorwa:

Gira ishusho y'umwiza n'umuco. Imura Abanyefeso 5:8 muni y'iyoye shusho. Erekana ayo mashusho mw'ishuri ryawe canke mw'ishengero niwaronka uruhusha rw'abarongozi.

Isengesho:

Gira urutonde rw'ibibanza bizwi nk'ibifatanye n'impwemu y'umwiza mu karere ubayemwo. Senga kugira umuco w'Imana urasire muri ivyo bibanza.

Abanyefeso 5:11-12

Ni ibiki tudakwiye kwifatanya?
Ni iki gikwiye kuba inyishu yacu ku bikorwa birumvye vy'umwiza?
Ni vyiza kuryohererwa kubiganira canke kubiraba, ku mboneshakure kumbure, mu gihe atavyo dukora? Oya kubera iki?
Ni hehe ibikorwa bibi bikunze kubera? Kubera iki?
Hoba hari ikintu ukora mw'ibanga utokwishimira kigiye ahabona? Iyumvire.

Igikorwa:

Muganire: Ntimugafatanye n'ibikorwa birumvye vy'umwiza, ivyo vyoba bisigura iki?

Isengesho:

Senga kugire Imana ihe abanyeshure ubwenge mu gihe bazoba bashaka kwamirira kure ibikorwa vy'umwiza.

Abanyefeso 5:13-14

Ni igiki kigaragaza ibikorwa vy'umwiza?
Ni iki Mpwemu ariko abwira abo bakiri mu mwiza?
Kiretse kuba mu mwiza, ni gute abadakijijwe berekanwa kandi ku murongo wa 14? Ni hehe twari tumaze kubona bene iyo mvugo imbere?

Igikorwa:

Tegura mwongere mwerekane agakino kerekana ibihushane biri hagati y'umwiza n'umuco.

Isengesho:

Hagire umunyeshure asenga agwanya ibikorwa vy'umwiza aho mubaye. Hagire uwundi asenga

kugira Imana ikomeze ibikorwa vy'umuco.

Abanyefeso 5:15-16

Ni ikihe kibi co kubaho ubuzima ataco wirinda,ubaho uko wisahakiye?

Ni gute Paulo yita abantu bagenda ataco birinda,uko bishakiye?

Ijambo ryakoreshejwe muri Bibiliya y'icongereza ni "circumspectly" ryerekana uko uburyo dukwiye kugenda, risigura "turaba hirya no hino yacu." Ni iki twoba turiko turondera?

Imana yaraheye umwe umwe wese muri twebwe umwanya wo kubaho. Ni gute dushobora kuwucungura canke tukawukoresha nk'abanyabwenge?

Ni gute iryungane "kuko iminsi ari mibi" ryinjira muri ibi vyose?

Igikorwa:

Shira abanyeshure mu migwi baheze bategure kandi berekane udukino aho berekana uburyo butandukanye bwo gucungura umwanya.

Isengesho:

Senga kugira Imana idufashe tubashe gukoresha umwanya nk'abanyabwenge kubwayo.

Abanyefeso 5:17-21

Abanyefeso barashobora kumenya ubugombe bw'Imana, uravye ku murongo wa 17?

Ni gute dushobora kumenya ubugombe bw'Umwami?

Ni ibiki dutegetswe kudakora?

Ni ibiki dukwiye gukora ahubwo?

Ni gute ico gikorwa kibi n'ico ciza bifatanijwe?

Iyo turirimba indirimbo z'abakristo, ni abahe bantu babiri tuba turiko turirimba?

Ni gute ivyo bitandukanye nivyo duhora twiyumvira iyo twiyumvira kuririmba?

Ni ibintu bingana gute dukwiye gushimira Imana?

Ni inde dukwiye guha ishimwe?

Ni muri irihe zina dukwiye gutanga ishimwe?

Ni gute dukwiye kubana n'abandi?

Ni igiki kidusunikira kubana n'abandi muri ubwo buryo?

Murabe neza ikoreshwa ry'umwanya w'amavuga atangura ku mirongo ya 19,20 na 21. Biboneka yuko ari igikorwa kibandanya mu gihe igikorwa c'irivuga nyamukuru kiriko kiraba. Irivuga nyamukuru ry'iryungane ni itegeko ryo kwuzuzwa na Mpwemu.

Ibikorwa:

Hagire abanyeshure bavuga indirimbo ibatera intege kubw'umwihariko. Barashobora kuyiririmba ari bo nyene canke abandi bakabafasha.

Isengesho:

Shira mu ngiro agushima muri vyose. Shimira Imana ku bintu bimwe bimwe utari bwigere uyishimira na rimwe.

Abanyefeso 5:22-24

Ni igiki abagore bahamagariwe gukorera abagabo babo?
Ni iyihe nyimfata bakwiye kubikorana?
Ni inde ari umutwe w'umugore canke w'urugo?
Ni inde ari umutwe w'ishengero?
Ni muri ibintu bingana gute abagore bakwiye kugamburukira abagabo babo?

Ibikorwa:

Muganire (mutarinze kuvuga amazina) uburorero bumwe bumwe bwiza na bubu abanyeshure babonye ku mugore mu mubano wiwe n'umugabo wiwe.

Isengesho:

Musengere abagore bubatse bo rushengero iwanyu. Muheze musengere ubukwe bwo muri kazoza bw'abigeme bari mw'ishuri.

Abanyefeso 5:35-30

Ni igiki abagabo bahamagariwe gukorera abagore babo?
Ni inde karorero kabo mu kubikora?
Ni uruhe rugezo abagabo bakwiye gukunda abagore babo?
Ni gute ubona ko ivyo abagabo n'abagore bahamagarirwa bimeze nk'ibintu bibiri biri ku munzane?

Ibikorwa:

Muganire (mutarinze kuvuga amazina) uburorero bumwe bumwe bwiza na bubu abanyeshuri babonye ku mugabo mu mubano wiwe n'umugore wiwe.

Isengesho:

Musengere abagabo bubatse mu rushengero iwanyu. Muheze musengere ubukwe bwo muri kazoza bw'abahungu bari mw'ishuri.

Abanyefeso 5:31-33

Ni ukuhe gutandukana mu buryo bw'umubiri gukwiye kuba igihe umugabo n'umugore bubatse?
Bisigura iki kuba umubiri umwe mu kwubaka?
Ni gute iri ari ishusho rya Kristo n'ishengero?
Ni gute umugore yocira bugufi canke akubaha umugabo wiwe?
Ni gute umugabo yokwerekana urukundo umugore wiwe?

Ibikorwa:

Muje mu migwi ibiri. Umugwi umwe ukine agakino werekana umubano mubi hagati y'umugabo n'ugore. Uwundi mugwi nawo werekane umubano mwiza.

Isengesho:

Musenge kugira Imana ikomeze ingo ziri mw'ishengero iwanyu. Musenge kugira muzogire ingo

zikomeye igihe kigeze mugukurikiza ingingo ngenderwako z'Imana ku bijanye n'ubugeni.

Ibindi vyo kuganirako:

Ni ibihe vyiyumviro muri rusangi mwabonye mu gukurikirana neza igice ca 5 umurongo ku murongo mutari mwabonye imbere?

ABANYEFESO IGICE CA 6

Saba abanyeshuri bake basoma neza basomere abandi igice ca 3. Saba abandi bakurikire neza cane uko bashoboye kandi baze barandika ahantu ikintu cose babonye gisa nk'ikidasanzwe. Muheze muganire muri uwo mugwi icyumviro gishobora kuba ari nyamukuru muri ico gice hamwe n'ijambo ry'umutwe ribereye kuri ico gice muri rusangi.

Abanyefeso 6:1-3

Ni iki abana bakwiye kugirira abavyeyi babo?

Ni akahe karanga amajambo "mu Mwami" ashiramwo muri iri tegeko?

Ni iki Paulo afatiyeke igihe avuga ko itegeko ryo kwubaha abavyeyi bacu ari "icagezwe ca mbere kiri mw'isezerano"? (Raba Amabwirizwa Cumi muri Kuvayo 20, cane cane umurongo wa 12)

Ni iyihe migisha ikurikira ukwubaha abavyeyi?

Hariho uburyo mwoba mwiyumvira ukwubaha abavyeyi bacu bishobora gutuma turamba?

Ibikorwa:

Shira abanyeshuri mu migwi ibiri. Umugwi wose wiyumvire ku bintu bibiri bishobora gutuma umwana akwegerwa mu kutabaha abavyeyi biwe. Umugwi wese uheze wakire ivyo uwundi mugwi wanditse nk'ibintu vyotuma umwana atubaha abavyeyi biwe, babikine nk'agakino, berekana ico biyumvira ko umwana yokora bafatiye ku nyigisho ziri muri kino gice.

Isengesho:

Dusenge kugira Imana iduhe imitima yubaha abavyeyi bacu.

Abanyefeso 6:4

Ni irihe tegeko rijanye n'ikintu kibi rihawe abavyeyi b'abagabo (ni igiki bakwiye kwirinda gukora)?

Ni irihe tegeko rijanye n'ikintu ciza bahawe (ni igiki bakwiye gukora)?

Mwoshobora gutanga akarorero k'ukugene umuvyeyi w'umugabo ashobora gutuma abana biwe baraka?

Mwoshobora gutanga uturorero tw'ukugene bakwiye kubarera, b'abahana b'abahanura nk'uko Umwami agomba?

Ibikorwa:

Shira abanyeshuri mu migwi ibiri. Umugwi umwe ukine agakino werekana umuvyeyi

w'umugabo aratsa abana biwe, uwundi mugwi nawo werekane umuvyeyi w'umugabo ataratsa abana biwe, ariko abarerera mu gutinya no guhanurwa n'Umwami. Mukomere amashi umuvyeyi w'umugabo agira kabiri

Isengesho:

Musengere abavyeyi b'abagabo bari mw'ishengero iwanyu, kugira Imana ibafashe bashobore kurerera imiryango mu gutinya no kwubaha Umwami.

Abanyefeso 6:5-8

Mu gihe ca Paulo mu gihugu c'i Roma, hariho igitigiri kinini c'abagurano bakorera abandi. Ni iki Paulo yababwiye gukora?

Ni gute iyo mirongo twoyishira mu ngiro bamwe muri twebwe tutari abagurano?

Ni inde twese atawuvuyemwo dukorera ku vyukuri?

Ni iki "guhagarikirwa" kandi ni iki "abanezereza abantu" (umurongo wa 6)?

Iyumvire ku kazi ukwiye gukora. Ubona wogakora gute nk'uwunzezeza abantu, ni gute vyongeye wogakora ugutandukanye nk'uwunzezeza Kristo?

Ndetse n'abagurano ku vyukuri ntibari bakwiye gukora ugushaka kw'abashebuja ariko ugushaka kwa nde?

Ni irihe tandukaniro riri hagati yo gukora akazi ugakunze no gupfa kugakora gusa?

Abagurano bashobora kutaronka ivyubahiro vyinshi n'ubushimwe bwa ba shebuja muri ubu buzima, ariko ni iki Paulo abasezeranira ku vyo bakoze nk'abakorera Umwami?

Iyo umukristo w'umugurano yakoreye shebuja nk'uwukorera Umwami adacika intege, mwiyumvira ko ivyo vyokora iki ku mutima wa shebuja?

Ibikorwa:

Hagire imigwi y'abanyeshuri ikina udukino yerekana itandukaniro riri hagati y'abahimbara abantu n'abahimbara Imana ku bijanye n'akazi.

Isengesho:

Musenge kugira Imana ihe akazi ku banyeshengero banyu kandi bakore n'umwete mwinshi mu gukora uko bashoboye nk'abakorera Umwami.

Abanyefeso 6:9

Ni gute Paulo ahanura abashebuja b'abakristo mu gukoresha abagurano babo?

Ni ibiki badakwiye gukorera abagurano babo?

Ni ibihe bintu bibiri bakwiye kwibuka?

Ni gute wiyumvira ko ivyo bintu bishobora gukorako uko umushebuja yakoresha abagurano biwe?

Birashoboka ko ata muntu numwe muri twebwe afise abagurano, ni gute iyi mirongo ikora kuri twebwe?

Ibikorwa:

Mutegure akaririmbo gahamagarira abarongoye abandi mu buzi gufata neza abo bakoresha, bibuka yuko nabo nyene bakorera Shebuja wo mw'ijuru. Mwongereko intambo kuri iyo ndirimbo

muheze muyigishe abandi.

Isengesho:

Musengere abakoresha b'abakristo mw'ishengero iwanyu, mu gisagara no mu gihugu. Musenge kugira ukwizera kwabo kuze gukayangane imbere y'abo bakoresha.

Abanyefeso 6:10-11

Ubu Paulo ntariko avugana n'imigwi kanaka y'abantu iri mw'ishengero, ahubwo ariko abwira abizera bose. Ni gute abise?

Vyoba vyerekana iki iyo umuntu akwise ko uri musaza canke mushiki wiwe?

Ni iki abizera bose bakwiye gukora?

Dukwiye gushoborera mu nkomezi zayo canke rwacu? Ni uwuhe mugwi w'amajambo uvyerekana?

Ni iki dukwiye kwambara?

Ni ibirwanishwa vy'Imana bingahe dukwiye kwambara?

Kubera iki dukwiye kuvyambara?

Ijambo "ubugunge" ryerekana iki?

Ni inde ategura ubugunge bw'ubumara kuri twebe dufatiye ku murongo wa 11?

Bisigura iki kuri twebe "guhagarara" tudatsinzwe n'ubugunge?

Ibikorwa:

Tegura akaririmbo gasanzwe cane kerekeye uguhagarara atagutsindwa n'umwansi w'Imana hamwe no kwambara ibirwanishwa vyo mu buryo bw'impwemu. Ongerako ibimenyetso vy'amaboko uheze wigishe iyo ndirimbo abanyeshuri.

Isnegesho:

Sengera abantu b'Imana Satani adasiba kugirako ibitero aho bari hose kw'isi yose. Senga kugira Imana ibakomeze.

Abanyefeso 6:12-13

Iyi mirongo yoba ivuga iki ku bantu biyumvira ko intambara yabo nyamukuru itumbereye umuntu mubi wa hano mw'isi?

Ni inde turwana mu vy'ukuri?

Ni ubuhe buryo bune ubwo bubasha bw'abadayimoni bwerekanywe? Ni iki twotahura muri ayo majambo?

Ni gute iyi mirongo ivuga isi?

Ni iki codufasha kudatsindwa n'ibitero vy'umurwanizi?

Mu rugamba, guhagarara bisigura iki?

Paulo yoba asa nk'uwigisha ko ibitero vy'umurwanizi ari ibidasanzwe k'umukristo?

Ibikorwa:

Tegura agakino. Abanyeshuri bamwe bazokina uruhara rw'ikibi, n'abakuru, n'abafise ububasha, n'abaganza. Bazotegura kandi batere abari mu wundi mugwi, userukira abakristo. Abakristo bazohagarara neza kandi batsinde ibitero vy'abadayimoni.

Isengesho:

Senga kugira ngo Imana izogume ikwongerereza ukumenya ibitero vy'umwansi kandi ukomezwa kugira uneshe muri Kristo.

Abanyefeso 6:14-17

Ni iki kizodufasha guhagarara tudatsindwa n'ibitero vya Satani?

Ni ibihe bintu vyiza vy'umukristo ivyo bintu bigize ibirwanishwa vyerekana?

Iyo tuba mu binyoma aho kuba mu kuri, ni gute ivyo vyoha akaryo Satani ko kutunesha?

Iyo tuba mu buzima butagororotse, ni gute vyoha akaryo Satani ko kutunesha?

Iyo tutaba mu mahoro n'abandi, ni gute ivyo vyotugira abanyentege nke?

Ni ibiki dushobora gukora dufise inkinzo y'ukwizera?

Ni gute ukwizera kwacu mu Mana kuba nk'inkinzo yacu? Inkinzo ikoreshwa gute?

Ni ibiki vyama biza bidutumbereye biva kuri Satani?

Ni ibitero bingaha muri ibi bishobora kutadutsinda dukoresheje inkinzo y'ukwizera?

Muri ivyo birwanishwa ni iki gikingira umutwe wacu?

Ni gute agakiza ari ikiturinda?

Woba uzi udakekeranya yuko waronse agakiza? Ubizi gute?

Vyinshi muri ivyo birwanishwa ni ivyo kudukingira ibitero vya Satani. Ni ikihe kigwanishwa kidufasha gutera tukamurwanya neza?

Inkota ya Mpwemu ni iki? Ijambo ry'Imana ni iki?

Ni gute twokoresha Ijambo ry'Imana mu kurwanya Satani?

Ni kubera iki ico coba ari ikirwanya Satani neza?

Ibikorwa:

Saba umunyeshure umwe akine yambara ikirwanisho kimwe kimwe.

Isengesho:

Senga kugira ngo uzoshobore kuba uwiteguye mu buryo bw'impwemu imbere y'ibitero vy'umwansi.

Abanyefeso 6:18-20

Igihe duhagaze dukomeye mu birwanishwa vy'Imana bidukingira, ni iki dukwiye kandi gukora?

Ni muri iyihe nkomezi dukwiye gusengeramwo?

Mbega isengesho ryoba rifise ububasha bwo kudukingira, gutera canke vyose? Hariho uburorero mwoduha?

Muri Bibiliya y'icongereza ya KJV hamwe na NKJV hariho ijamba rimwe risubiwemwo kabiri ku murongo wa 18. Ni irihe, kandi iryo jambo ryoba ritaniye he no gusenga bisanzwe?

Ni inde dukwiye gusengera?

Ni iki Paulo yasavye abizera b'i Efeso ngo bamusengere?

Ni gute twosengera ivyo abavugabutumwa bacu, abashinga amashengero n'abarongoye amashengero?

Ni iki Paulo yashaka kumenyekanisha?

Umuserukizi canke intumwa ni iki? Paulo yoba ari intumwa y'iki?

Ni ibisanzwe ko intumwa iba iboshwe canke iri mu minyororo? Paulo yoba ashaka kuvuga iki?
Ni ubuhe buryo bwo kuvuga yipfuza kugira mu gihe azoba ariko atangaza Inkuru Nziza?
Ni gute ushobora gusengera neza abarongoye abandi bakristo uzi?

Ibikorwa:

Muganire ingene amasengesho yanyu ameze mugereranije n'aya yerekanywe hano n'Intumwa Paulo. Ni hehe mubona mukwiye gutera intambwe gusumba?

Isengesho:

Senga kugira uzoshobore gutera intambwe no gukuru aho hantu hose wabonye ko bikenewe?

Abanyefeso 6:21-22

Ni kubera iki Paulo yari abarungikikiye Tukiko (tanga ibituma bibiri)?
Mwiyumvira ko ari kubera iki Paulo atashimye kubandikira ivyo mw'ikete?
Ni gute Tukiko yerekanywe?
Mwiyumvira ko ari kubera iki Paulo amurungikanye ubwo butumwa?

Ibikorwa:

Geraranya uko amakete yarungikwa muri kirya gihe n'ingene bikorwa muri kino gihe.
Mwiyumvira ko igikorwa ca Tukiko cari igikomeye kubera iki?

Isengesho:

Senga kugira ngo tube abizigirwa mu buzi Imana ituronsa.

Abanyefeso 6:23-24

Ni iki Paulo yipfuriza abizera b'i Efeso mu gihe ariko asozera ikete ryiwe?
Ni inde ashobora kubaronsa ivyo bintu?
Ayo makete yasomwa kenshi mu mashengero. Ko benshi baba bakoraniye hamwe kubw'izina rya Yesu, ni bande Paulo yipfuriye ubuntu bw'Imana? Ivyo vyoba bikora iki ku bandi?
Paulo yari hehe igihe yandika iri kete? Yariko akora iki?
Nimba ushobora kuronka ikarata y'akarere ka Mediterane, gerageza kurondera aho Efeso na Roma biri. Hoba hari uburebure bungana gute hagati yavyo vyempi?

Ibikorwa:

Nimba ushobora kuronka ibitabo vyo kwiga Bibiliya bishire ahabona kugira ngo abanyeshure bashobore kurondera inkuru zijanye n'ibihe ikete ku Banyefeso ryandikwa.

Isengesho:

Senga kugira Imana izogufashe wewe n'abari mwishuri bose mushire mu ngiro inyigisho zose mwize muri ico gitabo c'abanyefeso, kandi izobituse igihe muzoba mubikeneye gusumba.
Mushimire Imana ku vyo mwize vyose.

Ivyiyumviro vyo gusozera no kuganira:

Ubu ko wamaze kwiga igitabo cose umurongo ku murongo, subira wiyumvire ivyo wasomye.
Hoba hari ivyiyumviro bisa nkuko vyumvikana ubu gusumba uko vyari ugitangura kwiga?
Woba wabonye amajambo, imigwi y'amajambo canke ivyiyumviro bigenda biragaruka? Tanga uburorero buke?

Ni ibihe bintu bidasanzwe woba wize muri iyi nyigisho?

Ni ibihe bintu woba waragerageje guhindura mu buzima bwawe nk'ingaruka y'iyi nyigisho?

Ni izihe nyigisho zari zigoye kwumva canke kwemera? Kubera iki?

Iyi nyigisho yoba yaguteye intege gute?

Ni ibihe bibazo woba ugifise ku bijanye n'igitabo canke inyigisho z'Abanyefeso woba wipfuza kuronkera inyishu?

Ni iyihe mirongo wakunze gusumba iyindi muri iki gitabo? Kubera iki?

Ni iyihe mirongo isa nkuko ari nkenerwa cane ku buryo wipfuza no kuyifata mu mutwe?

Uzobigenza gute?

Ivyigwa vy'Abanyefeso mu Nyigisho za Bibiliya zo mu buryo bwo Gukora bwa Inductif

Vyanditwe na Mama Lorella, Ibikorwa Kuri buri Mwana (Every Child Ministries)